**ИХÆС ГЪÆУГÆ ХУЗИ ÆНХÆСТГОНД КУ ЦÆУА, ИХÆСЛÆВÆРД ДÆР УÆД ХУННУЙ!..**



***Текст Мигель де УНАМУНО (1864-1936), испайнаг финсæг, Нобели премий лауреат: «Кæд сæ сæ наций, дини, æвзаги æма Фидибæсти гъуддæгутæ не 'ндавдтонцæ, уæд ма цæбæл хуæст адтæнцæ еугур рæстæгути æма еугур адæмти поэттæ? Кæд аци сагъæстæй нæ цæрунцæ гъуди æма монцтæ, уæд ма цæмæй? Уæдта поэзийæн æ исафæг ци æй, кæд ревæд æма æцæгдзийнадæй еуварсгæнæг зундирахаст нæй, уæд ци?..»***


# Дигорæ

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

№12 (981) 2025 анзи 5 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман


**НÆ ФИДТÆЛТИ НАМУС**

## ЦАРДАРÆЗТ ИМОНАУ КÆНУЙ ФАРНÆХÆССÆГ РОХСИТАУГУТИ ХЪАЗАУАТОН ФÆЛЛÆНТТÆЙ!..




*Мæнæ уæлдæр ци цуппаррæнгъон бакастайтæ, уой, нæ бон федарæй уотæ зæнгъун æй, æма 'й* ***Къадзати Станислав*** *уотид рæсугъд загъдæн кенæ сæнттадæн нæ ниффинста. Ци гъуди си бабундорон кодта, уой æхуæдæг, баруагæс уи уæд, уоййасæбæл ахсгиагæй райста æ зæрдæмæ, æма ин иссæй æ карни агъазиау фæдзæхсти хузæн.*

*Цал æма цал анзей дæргъи уодуæлдайæй архайуй уой тæккæ тиллæггондæрæй æнхæст кæнунбæл. Е 'мдзæвгитæй еуеми хумæтæги нæ загъта: «Æма бабæй ефтиндзун мæхе...» Уотæ ке æй æцæгæйдæр, уой нæ дзиллæ дæр куд уинунцæ, æма си уомæ гæсгæ ба æгæрон арфиаг æнцæ. Сæ еци арфитæ ба ин уæлдай æхцæуæнæй кæнунцæ аци бæнтти – фиццаг апърели Къадзати Соброни фурт Станиславбæл исæнхæст æй дæс æма æртинсæй анзи. Уой фæдбæл ин мах дæр, газет «Дигорæ»-йи редакций косгутæ нæхе æма нæ газеткæсгути номæй зæрдиагæй арфæ кæнæн, уой дæр, мæнæ абони нæ газети 3-аг æма 6-7-аг фæрстæбæл ци æрмæгутæ мухур кæнæн, уонæй.*

## ХЪИАМÆТГУН БИЙНОНТИ ЦАРДВÆНДАГ

Нæ рагфидтæлтæй нин зундбæл зундæфтауæги хузи ци берæ зæгъдтитæ байзадæй, уонæй еу æй: «Бийнонти тухгин æнгон цард кæнуй!..» Уæхæн бийнонтæй æ рæстæги Киристонгъæуи зундгонд адтæнцæ Тотойти Сослæнбег æма æ цардæмбал Еленæ (Калоти кизгæ) æма сæ цæуæт. Цардæнцæ тумугъ бийнонтæй – адтæй син аст биццеуи æма дууæ кизги. Биццеутæй ка куд цомагъон кодта, уотæ сæ фиди хæццæ æмгустгæнæг исуиуонцæ. Кизгуттæ ба агъаз кодтонцæ мадæн хæдзайрон кустити.

Еузагъдæй, косагæ, бонзонгæ бийнонтæй сæ царди хабæрттæ бæргæ аразтонцæ, фал... Æнай-æнойти сæбæл æрцудæй бæлах – хæдзари æфсийнæ Калоуон Еленæ уæззау незæй æрбасæйгæ 'й æма цубур рæстæги фæсте рацох æй æ уæлзæнхон цардæй. Еци æверхъаудзийнадæ син цума фагæ нæ адтæй, уотæ ма сæбæл æрцудæй еума бæлах – æ мади рамæлæти фæсте е 'носон дуйнемæ банæхстæр æй зæнæги кæстæр, фарастмæйдзуд Хъазбег дæр. Цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте ма биццеутæй Мæхæмæт, зæгъæ, е дæр рамардæй.

Уæхæн зиндзийнæдти фудæй хæдзарæ ку фæккеуа, зæгъгæ, син куд нæ тарстайуонцæ хеуæнттæ дæр. Уомæ гæсгæ муггаг баунаффæ кодтонцæ Сослæнбеги дуккаг хатт уосæ æрхонунбæл исарази кæнун. Байамудтонцæ ин Туккати Марини. Уомæн æ лæг Тобойти Амурхан æхсæрдæс анзей размæ Америкæмæ косунмæ рандæй æма си уæдæй фæстæмæ нецибал хабар игъустæй, ци фæцæй, е нæбал исбæрæг æй. Æма Тотойтæ бæргæ банимæвар кодтонцæ Туккауонмæ, фал син е нæ арази кодта. Уæд имæ бацудæнцæ сæ муггаги кадгин лæгтæ æма ин загътонцæ:

– Маринæ, Хуцауи хатир бакæнæ, адæми хатир бакæнæ. Амурхан Америкæй нуриуæнгæ кæми нæ фæззиндтæй, уоми, æвæдзи, нæбал фæззиндзæнæй… Мабал имæ æнгъæлмæ кæсæ æма Тотойтæмæ исаккаг кæнæ…

4

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2025 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Аци анз медиапроект «Уæлахез нæ зæрдити æй» арæзт цæуй нæ Цитгин Уæлахези 80 анзей кадæн. Æ рабалций рæстæг ба бæрæггонд цæудзæнæй сахартæ-бæгъатæрти, тугъдон æма фæллойнадон намуси сахарти, уæдта советон æфсæддонтæ Манголий Халхин-Голи кæми тох кодтонцæ, еци раугæнти дæр. Кæронбæттæни мадзал уодзæнæй Сталинградi.*

## ХЪÆБÆРÆЙ-ХЪÆБÆРДÆР – ÆНДОН, ÆНДОНÆЙ ХЪÆБÆРДÆР – БÆГЪАТÆРИ УОДИГЪÆДÆ!..






# ТОХИ ЦÆХÆРИ НИХХУСТÆЙ Æ ЦАРДИ ЗИНГ, НÆ ЗÆРДИТИ ЦÆРДЗÆНÆЙ Æ РОХС НОМ...

Уогæ ба ирисхъæ хаттæйхатт цæйбæрцæбæл æгъатир разиннуй æма гадзирахаттæй куд рацæуй адæймагбæл. Хуæрзæрæги дæр ма æнæгъæнæ Иристон сæрустурæй цийнæ кодтонцæ, сæрмагонд æфсæддон операций архайæг не 'мзæнхон **Тибилти Маратæн** аккаггонд ке 'рцудæй Уæрæсей Бæгъатæри кадгин ном, уой фæдбæл. Æ еци хуæрзеуæг ин Президент **Владимир Путин** 25 феврали Кремли æ реубæл ку бакодта, уой фæсте Тибили-фурт цубур рæстæги æмгъудæй иссудæй Иристонмæ, æ хеуæнтти æма зонгити хæццæ кæрæдзебæл фæццийнæ кодтонцæ. Уæдта фæстæмæ рандæй е 'фсæддон ихæстæ идарддæр æнхæст кæнунмæ. Уордæмæ нæхстæр кæнуни размæ еугуремæн дæр зæрдитæ æвардта, мæнæ, дан, тугъдон гъуддæгутæ рæхги фæуузодзæнæнцæ æма уæмæ нæуæгæй бабæй зиндзæнæн. Бæргæ æвардта уæхæн нифситæ, бæргæ… Фал… ести ахсгиаг исаразун ка иснет кæнидæ æма уой фæдбæл æ дзурд æнæмæнгæ ка исæнхæст кæнидæ, еци сæрæн лæхъуæн аци хатт æ нифсæвæрдæй нæ фæффудæнгъæл кодта… Сæрмагонд æфсæддон операци æнхæстгонд кæми цæуй, уордигæй нæмæ исигъустæй уæззау хабар – е 'фсæддон ихæстæ æнхæст кæнгæй фæммард æй Тибилти Георгий фурт Марат.

Æ уарзон Иристонмæ цардæгасæй фæззиннунæй зæрдæ бæргæ æвардта, фал… Æ райгурæн зæнхæбæл исæмбалдæй сау кири. Е 'носон бунат иссæй Дзæуæгигъæуи Кади Аллейæ.

Е 'вæрæн бони Иристони еугур сахартæ æма гъæутæй æгæрон берæ адæм æрæмбурд æй Дæллаг Санибай. Ами, бæгъатæри цæрæн хæдзари арæзт æрцудæнцæ æ мæрдæгъдæуттæ. Уони рæстæги нæ республики Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло** Марати мадæмæ равардта, æ фурт хуарзæнхæгонд кæмæй æрцудæй, еци орден «Иристони кадæн», Уæрæсей гвардий директор инæлар-болкъон **Владислав Ершов** æма Уæрæсей Бæгъатæр **Абайти Юрий** ба - Лæгдзийнади орден, кæци Маратæн аккаггонд æрцудæй æ фæсмæрдæ.

## ЦАРДВÆНДАГ



ТИБИЛТИ Георгий фурт Марат райгурдæй Горæтгæрон районни, Черменигъæуи 1988 анзи. Дæллаг Санибай астæуккаг скъола каст фæууни фæсте бацудæй Уæрæсей медгъуддæгути министради медæфсæдти Цæгат-Кавказаг æфсæддон институтмæ. 2012 анзи æригон афицер е службæ æнхæст кæнун райдæдта Уæрæсей Национ гвардий сæрмагонд æфсади.

Сæрмагонд æфсæддон операци куддæр райдæдта, уотæ Тибилти Марат адтæй тугъдон цаути рауæнти, архайдта Запорожьей облæсти, Донецк æма Лугански республикити сæребарæдзийнади тугъдон гъуддæгути. Тугъдон ихæстæ æнхæстгæнгæй 2022 анзи ци лæгдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнадæ равдиста, уой туххæй æй дууæ хатти исхуарзæнхгин кодтонцæ Лæгдзийнади ордентæй.

Украинаг æрбалæборгутæй Курски облæст иссæребарæ кæнунбæл тугъдтити е 'фсæддон ихæстæ æнхæст кæнгæй лæгдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнадæ ке равдиста, уой туххæй Тибилти Маратæн аккаггонд æрцудæй Уæрæсей Бæгъатæри кадгин ном.

Уæрæсей Федераций Национ гвардий æфсæдти сæйраг командæгæнæг, инæлар-болкъон, Уæрæсей Бæгъатæр **Виктор Золотов** Марати ниййергути æма æ цардæмбали номбæл ци тæфирфæси финстæг исæрвиста Тибилти Марати бийнонтæмæ, уой саударæн митинги æ номæй бакастæй инæлар-болкъон Владислав Ершов. Еци финстæги загъд адтæй: «Цитгин ниййергутæ Георги Дзæрæхмæти фурт æма Ритæ Тепсарихъой кизгæ, хъазар цардæмбал Мæдинæ Таймурази кизгæ. Сæрустур уотæ Маратæй! Æ тугъдон æмбæлтти фæсауун некæд æрлæудтæй, фал адтæй раззагдæрти хæццæ. Адтæй рæстзæрдæ, еузæрдиуон æмбал, нифсдæттæг командир. Уой туххæй ин исаккаг кодтонцæ Лæгдзийнади дууæ ордени æма Уæрæсей Бæгъатæри ном. Æ цардвæндаг, гъулæггагæн, кæд цубур рауадæй, уæддæр æ алæмæтдзийнадæ уоййасæбæл агъазиау иссæй, æма æ фæсте æностæмæ рæсугъд фæд ниууагъта. Æнзтæ цæудзæнæнцæ, фал æ рохс сорæт цæрдзæнæй адæми зæрдити, æ номхæссæг скъолати, ахурадон кълæсти æма гъæунгти фæрци. Дæнцæн æй хæсдзæнæнцæ ирæзгæ фæлтæртæн…

Дæллаг Санибай мæрдæгъдæуттæ арæзт ку æрцудæнцæ, уæд æдзард тугъдони æ кири рахастонцæ Дзæуæгигъæумæ, Намуси Аллейæмæ. Ами дæр арæзт æрцудæй саударæн митинг. Уоми радзубанди кæнгæй, Цæгат Иристони Сæргълæуууæг Сергей Меняйло загъта:

– Тибилти лæхъуæн равдиста Фидибæстæ гъæуайгæнæги алæмæти лæгдзийнадæ. Батальон «Алани»-йи тох кæнгæй, æхсарæ æма бæгъатæрдзийнадæ æвдиста, террористтæн карз нихкъуæрд лæвардта. Марати хæццæ мин ци фембæлд адтæй, уой рæстæги берæ фæдздзубанди кодтан, куд хуæздæр гæнæнтæ ес знагбæл фæууæлахез унæн, уобæл. Рохсаг уо, Марат, дæ цард нæ дзиллæй алкæмæн дæр уодзæнæй Райгурæн бæстæбæл æновуддзийнади сæрбæлтау уодуæлдайæй тох кæнуни дæнцæ...

Æфсæддон æгъдаумæ гæсгæ, кирæбæл ци турусатæ адтæнцæ, уони арæхстгай батохгæй, фæннисан кодтонцæ, æдзард тугъдон нæ Фидибæсти сæрбæлтау æ агъазиау æскъуæлхтдзийнæдтæн устур аргъгонд ке цæуй, уой.

Уæрæсей Федераций Национ гвардий 6-7-аг Спецнази номæй Марати фидæн равардтонцæ зæрдæбæлдарунæн тарсурх берет.

Нæ Бæгъатæр æмзæнхон иссирдта е 'носон бунат. Рохсаг уо, Марат! Бæгъатæртæн ес райгурд, нæ син ес мæлæт...

* * *

Хуæрзæрæги нæ республики еугур скъолати æма астæуккаг профессионалон ахургæнæндæнтти арæзт æрцудæнцæ Тибилти Марати номерæн сахæттæ. Зæгъæн, Дзæуæгигъæуи 46-аг скъолай лæгдзийнади Урок исаразта Уæрæсей Бæгъатæр Абайти Юрий. Æзинæ ба, 4 апърели ами байгон æй сæрмагонд операций архайгути Намуси музей.

## РÆСТВÆНДАГ!..



## БÆРНОН ГЪУДДАГИ СÆРГЪИ АХСГИАГ ÆЙ ÆНТÆСТГИН КУСТ

Цæгат Иристони мухур æма дзиллон коммуникацити Комитети сæрдарæй æрæги нисангонд æрцудæй **Пхалæгати Светланæ**. Уой туххæй Указ бафинста республики Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло**.

Пхалæгати Ирбеги кизгæ Светланæ райгурдæй 1983 анзи 23 мартъий Дзæуæгигъæуи. 2005 анзи каст фæцæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети журналистики факультет.

2004-2005-аг æнзти куста Сувæллæнтти исфæлдистади республикон галауани сабийти телевизион студи «Пеликан»-и редакторæй; 2005-2006-аг æнзти – телевизион канал «Классика»-йи информацион программити служби шеф-редакторæй; 2006-2018-аг æнзти – Æнæнхæст бæрнондзийнади æхсæнадæ «Наше радио»-йи (радиостанцитæ «Европа Плюс», «РетроFM», «Авторадио», «Русское радио») Дзæуæгигъæуи нæуæг хабæртти служби хецауæй; 2020 анзæй 2025 анзи уæнгæ – Цæгат Иристони Регионни разамунди центри редакторæй.

Ес ин бийнонтæ, гъомбæл кæнуй фурт.

Пхалæгати Светланæн арфæ кæнæн, уæхæн бæрнон къабази разамонæгæй нисангонд ке 'рцудæй, уой фæдбæл. Æма ин нæ зæрдæ зæгъуй, цæмæй æ куст уа æнтæстгин, нæ республики мухур æма дзиллон коммуникацити идарддæри райрæзти гъуддаги берæ арфиаг гъуддæгутæй куд фæббæрæг уа, уой.

## СТАНЬ ЗАЩИТНИКОМ ОТЕЧЕСТВА!..




Финддæс æма цуппаринсæй анзей размæ (1930 анзи 6 апърели) нисангонд æрцудæй нæ Фидибæсти тæккæ уæлиаудæр хуæрзеуæг – Ленини орден.

***ХЪОДЗАТИ Æхсар (1937-2021), Цæгат Иристони адæмон поэт: «Къадзати Станиславæн ес хуæдхуз поэтикон гъæлæс, æ цæстæ ’й уинагæ, æрдзи нивтæ, адæймаги уодиконди менеугути ахæссуй уæхæн æуууæлтæ, фæззелæнтæ, иннети бон уинун ке нæй. Ахсгиаг мæмæ кæсунцæ поэт не ’змæнст царди цаутæ, мæнгард уодти илгъаг миутæ кæми æвдесуй, еци уадзимистæ дæр...»***

# «ÆМА БАБÆЙ ИСЕФТИНДЗУН МÆХЕ...»

Куд ни алкæмæн дæр, уотæ Къадзати Станиславæн дæр æхцæуæн куд нæ ’нцæ æ цардвæндаги еугур афæнттæ дæр. Фал ин уæддæр уæлдай зæрдирайдæр ба ’й æ сабийдогæ. Ахиддæр æй имисуй, æ кой ин ракæнуй.

*Хуры тынтæ оммен кæнынц цардæн,*
*Ацаходынц райсомы æртæхæй...*
*Бастъæлай, мæ сабидуг, цæй дард дæ –*
*Уыгæрдæны урс байраг фæтæхы!..*

Æ сабийдогæ ин уоййасæбæл имисуйнаг айдагъ æхе уодæнцойнæн нæй. Фæндуй æй, цæмæй нури кæстæртæ сæ кари фарнæй æнхæстæй хайгин уонцæ, уодихуасæ син уа, сæ исонибони цардарæзтæн син федарæй-федардæр бундор нур æвæрд ке цæуй, уой. Уомæ гæсгæ син сæрмагондæй ку бацæттæ кодта киунугæ «Зондабитæн – нæ алдымбыд» дæр. Æма уомæн æ раздзурди уотæ финсуй:

*«... Хур, дам, уа-а-ртæ кæм æмæ кæм ис, фæлæ уæддæр æвваxсмæ тавы. Мæ рагбонтæ дæр 7 хохы, 9 быдыры, 12 фурды фале кæд æмæ кæд фесты, уæддæр мæ сæ хур хæстæгмæ тавы. О, сабидуг у адæймагæн йæ дыккаг зæрдæ, æмæ азтимæ йæ цавд тынгдæр зæлы, сног кæны æхцонæн кæддæры цаутæ.*

*Аргъæутты дæлбазыр –*
*Сабидуг фæлмæн,*
*Алæмæты уалдзæг,*
*Стъалыты тæмæн.*

*О, нæ рагбонтæ аргъауæй тæмæссагдæр уыдысты – аргъауæн æрмæст йæ кæрон вæййы рухс, не ’взонгад та æнæхъæнæй дæр уыд хурвæлыст нæ ныййарджыты, иууыл хистæрты зæрдæты тавсæй æмæ æрдзы æвæджиауы хъомысæй. Рагбонты мæм иунæг хатт дæр фæлмæн мидбылхудгæ чи сдзырдта, уый дæр ныр мысын зæдау...»*

Æ сабийдогæ ма ин уæлдай зæрдтагон уомæн æй, æма ин æ сагъæсти уодæгас кæнунцæ æ нийийергути, уони рæвдудæй нæ бафсæдгæй, уонæн сæ уодиконди алæмæтдзийнадæ ин царди рæствæндаггæнæг æй...

*«Нарты каджыты-иу диссæгтæ Гуымы ’фцæджы фале ’рцыдысты. Нæ царды та – сабидуджы. Еу-фондз азы мыл цыдаид уæд. Хурхæтæны дын нæ сарайы зæхмæ æрдæгтахт, æрдæгхауд куы ’ркæнид зæрватыччы ?æппын. Фæлæ йæ йæ базыртæ фæстæмæ нал сфæрæзтой. Гæдыйæн ахæм авæрай – уайтагъд йæ цуры февзæрд! А ныр фæлæбура ?æппынмæ, афтæ йыл сæмбæлд цъылыны цæф мæ мад Баринæйы къухæй. Гæды æвæндонæй, ныгъуылдтытæгæнгæ, ацыд сарайы къуыммæ. Æмæ уырдыгæй зулмæ каст, мæ мад хъайванмæ даргъ асин куыд сцæхгæр кодта æмæ ?æппыны хъавгæ йе ’мбæлтты фарсмæ куыд сæвæрдта, уымæ.*

*Баринæ асин куы бафснæйдта æмæ та гыццыл бандоныл йæхи ку ’руагъта, уæд дын зæрватыкк йæ сæрыл куы абадид æмæ йæ цины цъыбар-цъыбур куы ракалид. Гъе афтæ-иу мад иннæмæн дзырдта бузныг.*

*О, бахxуыс удыбæстæ у. Æрдзы, нæ царды алцыдæр кæрæдзиуыл баст у зæрин тæгтæй...»*

Еци хабар æ зæрдæбæл бадаргæй, Станислав дæр ци гæнæн æма амал ес, уомæй архайуй хуарздзийнадæ аразунбæл. Æма уæд куд гъæуама нæ зæгъæн уæддæр цубурæй æ нийиергути – Къадзати Соброн æма Барини тухxæй дæр. Раст зæгъгæй, Собронæн уой размæ дæр адтæй цардæмбал Зинæ, Мамити кизгæ. Исæнтæстæй син авд сувæллони. Цардæнцæ, царди домæнтæ æнхæст кæнгæй, кодтонцæ фæллойнæ. Æгъдау дæттунæй не ’фсастæнцæ. Сабийтæ, сæ тæккæ мадæ уарзгæй, райзадæнцæ седзæрæй. Синхбæстæ, хеуæнттæ, къабæзтæ – еугурæй дæр æрбалæуудтæнцæ сæ фарсмæ, алкедæр æ агъази хай хаста, фал сæ рæвдудгъæуагæ седзæрти мади уозæлд гъудæй æма...

Цард æхеуæнттæ домуй. Собронæн æ бон ку нæбал адтæй æ седзæрти тæрегъæдмæ кæсун, уæд син дуккаг мадæн равзурста синхаг кизгæ – Абайти Барини.

Баринæ, æхуæдæг седзæри бæнттæ ка бавзурста, уæхæн сугъзæрийнæ зæрдæ æма тæрегъæдгæнагæ силгоймаг, æ нифс бахаста Соброни авд седзæремæ æма сæ исгъомбæл кодта сæхе мади хузæн. Баринæ Къадзати седзæртæмæ мади бæсти ку ’рбацудæй, уæд син е хори искасти хузæн адтæй. Æма, æцæгæйдæр, фæлмæнтæдзорагæ, ездон силгоймаг сабийтæбæл дессаги æновуд адтæй. Се ’дзард мади син баййивта, зæгъгæ, зæгъун раст нæ уодзæнæй, уомæн æма мадæн баййевæн нецихузи ес. Фал син æ рæвдудæй сæ рист зæрдитæ уотæ барохс кодта æма имæ авдемæй дæр мади номæй ку исдзурдтонцæ, уæд ма уомæй æхцæуæндæр ци адтайдæ исхæссæг фидæ æма синхбæстæн. Соброн æма Баринæн исæнтæстæй еума сувæллон – биццеу. Еци цийни хабар æрцудæй 1955 анзи апърели фиццаг бон.



Хестæр хуæртæ зæрдиагæй рæвдудтонцæ нæуæгигурди, æновуд ибæл адтæнцæ... Абони дæр æй беретæ нæ зонунцæ, Соброни сувæллæнттæн сæ кæстæр æнсувæр Станислав, мадæй хецæн ке æй сæ хæццæ, уой, уомæн æма Абиан æ аст сувæллонебæл æ уарзæгой зæрдæ æмхузон дех кодта.

Фал аци цардбæллон бийнонти ирисхъæ æгæр æверхъауæй бабæй æхе равдиста. Кæрæдзей фæдбæл се ’носон дуйнемæ бацудæнцæ Баринæ æма Соброн дæр.

Ку зæгъæн, Станислав æнхæстæй нæ бафсастæй æ нийийергути рæвдудæй, нæ ин фæцæй равгæ уонæн цомайæй зæрди фæндон балæггадæ кæнун. Фурти рæвдудæй сæ бабоц кæнун. Уобæл æй абони дæр ма æ гъенцъун:

*«Мыййаг, куы уа нæ мæрдтæн зын –*
*Ды ам, мæ хур, хъæр ныхас ма кæ,*
*Нæ фæтчы уæлмæрдтæй хæссын*
*Фæткъуытæ, курагатæ, балтæ... –*

*Дзырдтай-иу сабыргай, мæ мад, –*
*Хæссын нæ фæтчы – дар дæ зæрдыл...»*
*Фæкъул и  доны къусау цард –*
*Æруарыд залты мин мæ сæрдыл...*

*Дæ цыртыл авæрын мæ арм,*
*Дæ цуры алæууын сæркъулæй,*
*Цæуы дæ ингæнæй дæр хъарм,*
*Фыдæх мæ зæрдæйæ фæсуры...*

*Æхxæст кæнын дæ фæдзæхст зын –*
*Дæ ингæнмæ мæ надвæд сфæндаг –*
*Нæ фæтчы уæлмæрдтæй хæссын,*
*Æз та дзы рахæссын... æрхæндæг...*

Фал цардарæзти фæткæ уæхæн æй, æма æхе хабæрттæ аразун домуй, цæруйнаг ка ’й, уонæй. Æма фæразун гъæуй. Æвæдзи, уомæ гæсгæ Къадзай-фурт е ’мдзæвгитæй еуеми уотæ зæгъуй:

*Æз нырма дæр – мæ фыды фæдзæхстæй,*
*Æз нырма дæр – мæ мады æууæнк...*

Еци зундирахаст ин нифсдæттæг дæр æма агъазгæнæг дæр æй. Æнæ мадæ ’ма фидæй райзайгæй имæ уоди федардзийнадæ разиндтæй æ карни хабæрттæ, æ нийийергутæ ма ин цардæгас ку адтайуонцæ, уæд сæ зæрдæмæ куд фæццудайуонцæ, уотемæй аразунæн.

Æрæдони райони Кировигъæуи астæуккаг скъола хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ каст фæууогæй, идарддæр ахур кæнунмæ бацудæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл университети филологон факультети ирон-уруссаг хайадæмæ. Ами дæр уоййасæбæл æнтæстгин ахурдзауæй фескъуæлхтæй, æма ’й уомæ гæсгæ ба æртиккаг къурси фæсте рарвистонцæ ахур кæнунмæ Мæскуй паддзахадон университети журналистики факультетмæ. Каст æй фæцæй 1979 анзи æма косун райдæдта Цæгат Иристони радиой. 1989-1993 æнзти адтæй журнал «Ногдзау»-и бæрнон нимæрдар. Уой фæсте нæуæгæй рацудæй Цæгат Иристони радиомæ æма нуртæккæ дæр косуй уоми. Æ радиожурналтæ æма авторон программитæ «Хæзнадон», «Уацамонгæ», «Бонвæрнон», «Удæвдз», «Нæ уазæг – дæ уазæг», «Мыггагæй мæ бафæрс!..», «Арвайдæн» алли ирон хæдзарæмæ дæр æнцæ федеуæг æма фарнæхæссæг.

Алли æнзти ниффинста пьеситæ дæр: «Æртæх æмæ æртхутæг», «Зындоны зæдтæ», «Сыгъзæрин дæгъæл». Раугъдадæ «Ир»-и ин æ уадзимистæ уагъд æрцудæнцæ цалдæр киунугемæй: «Уидæгты рухс», «Урс къæсæр», «Ирдгæ», «Дыууæ хуры астæу», «Зондабитæн – нæ алдымбыд»...

Аци хабæрттæ цубурæй уомæ гæсгæ ранимадтан, æма Къадзати Станислави исфæлдистадон хъиамæттæ бæлвурдæйбæлвурддæр зундгонд æнцæ нæ Иристони дзиллæн. Цал æма цал анзей дæргъи, цæйбæрцæбæл агъазиау фæллæнттæй хъазауат кæнуй нæ адæми уодварни хæзнадзийнадæ багъæуай кæнунбæл, цæмæй нæ адæм алкæддæр сæрустур кæмæй адтæнцæ, æма син цийфæнди лæгæвзарæн уавæрти ервæзунгæнæг ка адтæй, еци æгъдæуттæ æма фæткитæ бæлдтаг исуонцæ айдагъ абони дзиллæн нæ, фал нæ исуйнаг фæлтæртæн дæр.

*Фæлтæртæ сты фылдæр æнустæй –*
*Цыбыр у адæймаджы цард.*
*Фæлæ уæддæр  фыдæлтæй буц дæн –*
*Æз хъусын фидæнæй сæ зард!..*

Къадзати Станислави берæ фæллæнттæн æхсæнади ’рдигæй дæр аргъгонд цудæй æма цæуй. Аккаггонд ин æрцудæй Цæгат Иристони культури æскъуæлхт архайæги кадгин ном, æй нæ республики Сæргълæууæги, нæ республики Хецауади, нæ номдзуд рохситауæг Æмбалти Цоцкой номбæл премити лауреат, хуарзæнхæгонд ма æрцудæй берæ æндæр хуæрзеугутæй дæр. Етæ æхцæуæн куд нæ ’нцæ, фал уонæй æхцæуæндæр ба ’й дзилли нимайундзийнадæ. Уой фæдбæл Станиславæн е ’мдзæуин, поэт Хадихъати Фатимæ ракодта мæнæ ауæхæн арфæ:

*Къоста дæуæн ныууагъта йæ хъару*
*æмæ ныфс.*
*Йæ фыссæн сис дæм радта*
*Æмæ ды дæр фыссыс*
*Нæ адæмы рыстытыл,*
*Нæ адæмы тыхстыл.*
*Ды генийы æфсымæр æмæ йæ фарн*
*хæссыс.*

* * *

Мах, газет «Дигорæ»-йи редакций косгутæ, нæ абони дзубанди Къадзати Станислави тухxæй уæлдай æхцæуæнæй кæнæн. Уомæн æма си хъæбæр арфиаг ан – кæд нæ республики нæ газети ирисхъи хуарзбæл еске æновудæй архайуй, уæд уонæй еу æй Къадзай-фурт. Гæнæн æма амал кæми фæууй – æ радиобакасти кенæ дзиллон мадзæлтти æ радзубандити – æнæмæнгæ ракæнуй нæ газети æма æ ахсгиагдзийнади кой, фæдздзоруй дзиллæмæ, цæмæй æй еузæрдиуонæй рафинсонцæ æма ’й кæсонцæ. Æма дин нæ зæрдиаг арфæ дæр: рæстуод æма хæларзæрдæ, цæстуарзон æма рæдау адæймаг дæ, æма дæ нæ Исфæлдесæг рохсдзийнадæй табугонд хуарздзийнæдтæй куд хайгин кæна!..

Уæлдай хъæбæрдæр ба дин нæ зæрдæ уой зæгъуй, æма абони æвæллайгæй, ци алæмæти гъуддæгутæбæл хъиамæт кæнис, уонæй ма бафæллайæ æма сæбæл ма исустурзæрдæ уо!.. Дæ еци фæллæнттæ арфиаг æма æгæрон æнцæ нæ Иристонæн, нæ адæмæн, сауæнгæ нæ исуйнаг фæлтæртæн дæр. Æма ни федарæй æруагæс кæнуй, ке нæ си бафæллайдзæнæ, е. Дæхуæдæг æй де ’мдзæвгитæй еуеми ку зæгъис: «Æма бабæй исефтиндзун мæхе...»

***БИЧИЛТИ Алетæ***

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр, артиллерий инæлар-майор Карсанти Дриси фурт Хъазбеги райгурдбæл 8 апърели æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1910-1997).**

*Апърели райдæдта Уæрæсей Федераций Гæрзефтонг тухтæмæ уалдзигон фæдздзурд æма се 'фсæддон ихæс æнхæст кæнунмæ æрвист æрцæудзæнæнцæ астинсæй мин лæхъуæни. Уонæй сæ фулдæр хаййæн сæ служби бунæттæ уодзæнæнцæ Центрон Уæрæсей, Цæгат Кавкази, Сибир æма Идард Хорискæсæни регионти. Фæсевæди æфсæддон хæйттæмæ æрветун райдайдзæнæнцæ 15 апърели. Уой хæццæ, служби æмгъуд байзайдзæнæй, нурмæ куд адтæй, уотемæй – дууадæс мæйи.*


Виктор


Алихан


Михал


Къостан


Игнат


Тембол

# ХЪИАМÆТГУН БИЙНОНТИ ЦАРДВÆНДАГ

1

Фесæфдзæнæнцæ еци сувæллæнттæ æнæ силгоймаг… Дæуæй хуæздæр сæ неке барæвдаудзæнæй. Зонис, Сослæнбег дæр ездон, сабур, æнæмаст, косгæ лæг æй…

Берæ сагъæсти фæсте Маринæ исарази æй. Лæги хæццæ дæр, сувæллæнтти хæццæ дæр кæрæдзей балæдæрдтæнцæ. Уæдмæ æхецæн дæр райгурдæй кизгæ, рахудтонцæ 'й Натæ.

Рæстæг цудæй. Биццеутæ рабайлæгъ æнцæ, ахури надбæл æрлæудтæнцæ. Уæди рæстæгути Иристони фæсевæдæй беретæ ахур кæнунмæ цудæнцæ Мæскумæ, Ленинградмæ. Виктор, Алихан, Михал æма кизгутти хестæр Клавдия 1929 анзи рандæнцæ Мæскумæ. Фиццаг ахур кодтонцæ рабфаки, косгæ дæр кодтонцæ. Уæдмæ Виктор, равгæ ин куддæр фæцæй, уотæ æ гæгъæдитæ балæвардта Тимирязеви номбæл гъæуууонхæдзарадон академимæ, Алихан æма Клавдийæ – К.Либкнехти номбæл педагогон институтмæ, Михал ба Г.В.Плеханови номбæл адæмон хæдзаради институтмæ.

Сæ ахури рæстæг ку фæцæй, уæд исæздахтæнцæ Иристонмæ, ами райдæдтонцæ сæ фæллойнадон нæдтæ. Виктор райдæдта косун машинон-тракторон станций, Алихан – рабфаки ахургæнæгæй, Клавдийæ – скъолай, Михал ба бацудæй Цæгат Иристони педагогон институти историон факультетмæ.

Бакодтонцæ бийнонти гъуддаг дæр. Цийфæнди æнæевдæлон уогæй дæр, мадæ æма фиди нæ иронх кодтонцæ. Раздæри хузæн æновуд адтæнцæ кæрæдзебæл. Киндзитæ дæр æма сиахс дæр рауадæнцæ сæхе хузæн хуæрзæгъдау, хеуæнттæбæл æновуд.

Виктор иссæй партий обкоми гъæуууон хæдзаради хайади сæргълæууæг, депутат, Алихан – педагогон училищей директори хуæдæййевæг, Михал бацудæй Цæгат Иристони наукон-æртасæн институти аспирантурæмæ æма уотемæй куста партий Дзæуæгигъæуи сахайраг комитети агитаци æма пропаганди хайади сæргълæууæгæй. Клавдийæ иссæй Лескени астæуккаг скъолай директор.

Бийнонти дууæ кæстæри, Къостан æма Игнат скъолай фæсте еуцæйбæрцæдæр рæстæг ракустонцæ сæ гъæуи колхози. Уæдта Къостанмæ фæдздзурдтонцæ Сурх Æфсади рæнгъитæмæ. Игнати ба æ цардвæндаг ракодта Украинæмæ. Уонæй кæстæрдæртæ ба æртемæй дæр ма уæд адтæнцæ скъоладзаутæ.

Уæди рæстæгути уавæртæ кæд æма берæ цæмæйдæрти бустæги æнхæст нæ адтæнцæ, уæддæр адæм разæнгардæй кодтонцæ сæ царди хабæрттæ, сæ исонибон зæрдæмæдзæугæдæр ке уодзæнæй, е си федарæй æруагæс кодта. Фал уомæй фæффудæнгъæл æнцæ… Немуцаг-фашистон æрдонгтæ тогмондагæй æрбалæбурдтонцæ нæ Райгурæн бæстæмæ… Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд.

Нæ бæсти адæм еци нифсгунæй исистадæнцæ Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй багъæуай кæнунмæ, разæнгардæй цудæнцæ æ сæрбæлтау тохмæ. Тугъди тæккæ фиццаг бæнтти знаги нихмæ тохмæ рандæнцæ Тотойти Сослæнбеги фурттæ Алихан æма Михал. Æ иннæ фурт Къостан еци рæстæг службæ кодта Ленинградi æфсæддон зилди Сурх Æфсади хæйттæй еуеми. Тугъд ку райдæдта, уæд ци уæлдæфон-десантон хаййи службæ кодта, е æрвист æрцудæй Мæску гъæуай кæнунмæ.

Еугурадæмон табуйаг гъуддагæй еуварс нæ адтæй Игнат дæр. Нæудæсанздзуд лæхъуæнæн æ зæрди бæргæ адтæй тæхæг исун. Тугъди размæ 'й æ бæлдæ ракодта Украинæмæ. Сахар Сумски ци æфсæддон тæхгути училище адтæй, уордæмæ. Уоми 'й æрæййафта тугъди райдайæн дæр æма бахаудтæй тъасхæгæнгути батальонмæ.

Игнат дæр æма е 'нсувæртæ дæр, цæйбæрцæбæл син гæнæн адтæй, уомæ гæсгæ архайдтонцæ сæ хабæрртти туххæй ахиддæр финсун сæхемæ, сæ хеуæнттæмæ, уæдта сæ кæрæдземæ дæр. Еууæхæни нæбал адтæй хабар Алиханæй. Бийнонтæ мæти бацудæнцæ. Сослæнбег æхе гъæддухæй бæргæ æвдиста, фал Маринæн ба æ цæстисуг æркæлидæ. Заретæ æма Натæ æ фарсмæ исбадиуонцæ æма 'й сабур кодтонцæ. Фал тугъд тугъд æй. Æма бабæй цалдæр мæйи хабар нæбал адтæй Къостанæй дæр.

Еу бон постхæссæг Тотойти дуар бахуаста. Хъонцгæнгæй сæмæ балæвардта цуппæрдегъон гæгъæди: «Ваш сын, красноармеец 201-й воздушно-десантной бригады Тотоев Константин Сосланбекович в бою за социалистическую родину, верный воинской присяге, проявив геройство и мужество был убит 28.12.1942 года. Похоронен в д. Бунчиха Подольского района Московской области».

Ниххуаста Маринæ æ уæргутæ, кæунмæ-гъарæнгитæмæ фæцæнцæ кизгуттæ, киндзитæ. Æхе нæ бауорæдта Сослæнбег дæр.

– Æз тæккæ исон тугъдмæ цæун, æз знагæй гъæуама Къостани тог райсон, æ дæндæгути къæс-къæс цæугæй, исдзурдта бицнеути кæстæр Тембол.

Маринæ ибæл æхе ниттухта:

– Дæуæн нæййес цæуæн!.. Нæ дæ рауадздзинан!..

Фал Тембол æхе фæндæбæл ниллæудтæй. Уой туххæй бæлвурддæрæй зæгъдзинан минкъий фæстæдæр. Нур ба уой зæгъуйнаг ан, æма тугъдон уавæр карзæй-карздæр кодта, знаг еци æмпурсæги æмпурста нæ Райгурæн бæсти агъазиаудæр рауæнтæ байахæссунмæ зæрдтæй. Æ них исарæзта Кавказмæ. Æ фæндæ адтæй, хуæрзцубур рæстæгмæ Фæскавказмæ байервæзун, уоми нефти игурæнтæ, алцæмæй гъæздуг зæнхитæ æма æрзæткъахæнтæбæл фæххуæст ун. Тæссаг адтæй, Цæгат Иристонмæ ке исхъæртдзæнæнцæ, уомæй дæр. Æма уотæ ку рауайа, уæд ин ами карз нихкъуæрд раттуни туххæй рагацау арæзт цудæнцæ аллихузон гъæугæ мадзæлттæ.

Тугъди тæккæ райдайæни Виктор нисангонд æрцудæй республики зæнхкусти адæмон комиссарæй. Æ усхъитæбæл ранцадæй æгæрон устур уаргъ, фулдæрæй-фулдæр иссæнцæ æвæстеуатæй æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг гъуддæгутæ. Гъудæй, тугъдмæ ка нæ рандæй, еци колхозонти исамидин кæнун æфсæддонтæн агъазгæнæн аллихузон мадзæлтти архайунмæ. Иннемæй – ци нæ фæууй, æма цæмæй знаги къохи ма бафтуйуонцæ, уой туххæй гъудæй æхсæнадон хæдзарæдти фонс æдас рауæнти бафæсвæд кæнун. Сæ еу хай син фæттардтонцæ Хъæзлармæ, иннети ба æвæстеуатæй батардтонцæ Хъобангонмæ. Будурти ци хуари тиллæг исцæттæ 'й, е дæр бафснайуйнаг адтæй.

Мадта ами немуцаг-фашистон æрбалæборгутæн нихкъуæрд раттуни туххæй ци æртæ æфсади лæудтæй, уони æфсæддонти аллибон дæр гъудæй хуæруйнагæй æфсадун. Е дæр адтæй Тотой-фурти ихæс. Æгириддæр æй нæ евдалдæй. Хуæрун дæр æй еуæй-еу хатт феронх уидæ. Æстæн хатт бафтуйидæ хеуонти бæрæг кæнунмæ.

Знаг 1942 анзи августи кæрони байахæста Мæздæг. Уавæр уойиасæбæл истæссаг æй, æма нæ адæмæй беретæ сæхе хуæнхти, гъæдти бафæсвæд кодтонцæ. Тотойти бийнонтæ дæр, ку багъæуа, уæд сæхе кæми бафæсвæд кæндзæнæнцæ, зæгъгæ, фæндæй сæ дзæхæрай искъахтонцæ блиндажи хузæн уæрмæгонд.

Еу бон Виктор хæлæфæй бауадæй сæхемæ. Сослæнбег бадтæй мæтъæлæй æма æрæгиау исдзурдта:

– Тембол дæр нин рандæй тугъдмæ.

Темболбæл æвддæс анзи исæнхæст æй, æма æхе исуни лæг худта. Тугъдмæ дæр барвæндонæй уомæ гæсгæ рандæй. Æма æ лæгигъæди фиццаг æвзарæн ба иссæй, Кæсæг-Балхъари хонх Эльбруси дæлвæзти ци тугъдтитæ 'рцудæй, уонæми. Уой фæсте лæгæй-лæгмæ тохи бацудæй цъамар знæгти нихмæ сахар Малгобеки алфамбулай тугъдтити. Уоми фæццæф æй, райста контузи æма бахаудтæй госпиталмæ. Æ цæфтæ уойиасæбæл уæззау разиндтæнцæ, æма 'й дохтиртæ тугъди будурмæ нæбал рауагътонцæ: æрвист æрцудæй сæхемæ.

Сæхемæ исæздæхгæй си исæййафта кæлæддзаг хæдзарæ. Цæветтонгæ, немуц Киристонгъæу байахæстонцæ 1942 анзи 31 октябри. Танктæй, хуæдтолгитæй, мотоциклтæй байдзаг æнцæ гъæунгтæ. Баргин, æнаккаг æма æдзæсгонæй æвдистонцæ сæхе æрбалæборгутæ. Гъæуи цæргутæн ци фудмиутæ ба нæ кодтонцæ. Сувæллон æй кенæ зæронд æй, цæнкул æй – нимади сæмæ неке адтæй. Ке маргæ кодтонцæ, кæмæн æвзерхъæу миутæ кодтонцæ. Адæми тогфæллæнттæбæл хæлæф кодтонцæ, сæ цæрæнтæ син дæрæн кодтонцæ.

Еу бон хуæдтæхгутæ 'рбатахтæнцæ, гæр-гæрæй æркалдтонцæ бомбитæ. Адæм, ке бон куд адтæй, уотæ римахстонцæ сæхе. Сæ уæрмæгонди бафæсвæд кодтонцæ сæхе Сослæнбег æма æ бийнонтæ. Уæдмæ сæ уæрдундонæбæл исæмбалдæй бомбæ. Ниппурхæ кодта хæдзари хай, хуарз æма бийнонтæй некæмæн неци адтæй.

Уотæ цудæнцæ бæнттæ. Нæ адæм не 'фсæддонтæбæл сæ зæрдæ дардтонцæ, æнгъæлмæ кастæнцæ, фудæзнаги кæд фæссордзæнæнцæ, уомæ. Æма æцæгæй æрцудæй еци рæстæг.

Раст 1942 анзи 22 декабри Сурх Æфсад райдæдта размæ 'мпурсун. Фашисттæ ледзæги фæцæнцæ. Æртæ бонемæ еунæг немуцаг дæр Киристонгъæуи нæбал байзадæй.

Цийнæ кодтонцæ гъæуккæгтæ еугурæй дæр. Исуолæфтæнцæ Тотойтæ дæр. Фал сæмæ уæдмæ кадæр фæххабар кодта: Клавдийи немуц туххæйдæрти фæттардтонцæ сæ хæццæ.

Клавдийæ адтæй лескейнаг киндзæ, æма немуц уордигæй ку цудæнцæ, уæд берæ æригон, кустгъон адæм туххæйдæрти сæ хæццæ ракодтонцæ, уотæ Клавдийæ дæр æ сæри хецауи хæццæ.

***Уæрæсей Гъæуайкæнуйнади министради игъосункæнуйнагмæ гæсгæ, Гæрзефтонг тухтæмæ уалдзигон фæдздзурд комкоммæ баст нæй сæрмагонд æфсæддон операций фæтки хæццæ. Зæрдæ æвæрунцæ, уомæй æма нур æфсадмæ кæмæ фæдздзоронцæ, етæ сæрмагонд æфсæддон операций тæлмæ æма нæуæг уæрæсейаг регионтæ – Донецк æма Лугански адæмон республикитæмæ, Запорожье æма Херсони облæсттæмæ æрвист нæ цæудзæнæнцæ.***



Бийнонтæ хъæбæр æрмæтъæл æнцæ. Æнгъæлмæ кастæнцæ, кæд Виктор фæззиннидæ æма ести амал бакæнидæ æ фæйййервæзун кæнунæн. Нæ адтæй раздæрау хабар Алиханæй дæр. Изæрдалингти фæззиндтæй Виктор. Уайтæкки ин сæ сагъæси хабар ракодтонцæ.

– Зин æй, æгæрон зин, фал бухсетæ, еунæг мах нæ ан уæхæн уавæри. Кæд фæззинниуонцæ... Уæхе фæгъгъæддух кæнетæ, мæнæ иннетæ дæр сумахмæ кæсунцæ, – дзурдта син сæ хестæр фурт, еци рæстæг ба æхецæн æ зæрдæ катай кодта.

Уæдмæ дуармæ машинæ фæллæудтæй æма си, æ сæр бæститæ, утемæй рахизтæй Тембол. Сæ гъенцъундзийнадæ син рæстæг цийнæй раййивта. Сæ нифс дæр бабæй фæффедардæр æй, уомæн æма Сурх Æфсад æрбалæборæг знагбæл уæлахез кæнун райдæдта. Сæ зæрдæмæ бабæй цидæр гæзæмæ рохси цъирт бакалдæй. Кæд Тембол исæздахтæй, уæд кæдимайди ба Алихан æма Клавдийæ дæр хуарз хабар райгъусидæ.

Адæмæй беретæй нæма æруагæс кодта, немуц бустæги сурд ке 'рцудæнцæ, е, æма гъæдтæй сæ еугур нæма æрæздахтæнцæ.

Тотойти бийнонтæй Дзинагъамæ ка рандæй, етæ мартъий æрæздахтæнцæ сæхемæ. Фæззиндтæй Михал дæр. Тугъди райдайæни е æрвист æрцудæй 1-аг Белоруссаг фронтмæ 197-аг фестæгæфсæддон полкмæ. Адтæй Брянски полкки политхайади агитатор. Уордигæй бахаудтæй сахар Ивановой æфсæддон училищемæ. 1943 анзи æй рарвистонцæ Иристонмæ танкон училищей ахургæнæгæй. Еци рæстæг багъæуай кодта кандидатон диссертаци дæр. Фадуат ин ку фæууидæ, уæд уайтæккæдæр ратагъд кæнидæ æ хеуонти фæууинунмæ.

Бийнонтæ сабургай кодтонцæ сæ цардиуаги хабæрттæ. Уогæ æнæтухст дæр куд адтайуонцæ. Сослæнбег дзæхæрамæ, еститæ си райархайон, зæгъгæ, бæргæ рацæуидæ, фал æ фуркатай æма мæтæй æ къох нæ тастæй раздæрау... Еске фронтæй ку иссæуидæ, уæд Сослæнбег сабургай ецирдæмæ æхе байсидæ, кæд ести хабæрттæ базонидæ, зæгъгæ.

Игнат игъæлдзæг, цардбæллон лæхъуæн адтæй. Æма си фронтæй ци финстæгутæ исхъæртидæ, етæ дæр уиуонцæ уæхæн нифсдæттæг. «Берæ сæ нæбал гъæуй. Куд ни тæрсунцæ е ба: нæ уиндæй дæр сæ уæргутæ зир-зир кæнунцæ, – финста æ еу финстæги. – Сæ къохтæ уайтæккæдæр фæхъхъел кæнунцæ, хатиртæ корунцæ, ма нæ рамаретæ, зæгъгæ. Дæ цæститæбæл еци хузтæ уайунцæ… Æз ба зиндзæнæн тагъд æма бабæй еу фæлмæн изæр Астæудони билтæбæл тезгъо кæндзинан, игъæлдзæг хабæрттæ имисгæй…»

1945 анз. Уалдзæг æ тæмæни бацудæй. Знаг сидзмудзитæй æ худонæмæ лигъдæй. Нæ адæм еугурæй дæр тугъди фæуунмæ æнгъæлмæ кастæнцæ, кæд сæ бæлццæнттæ тагъддæр исæздæхиуонцæ. Сослæнбег æма Маринæ дæр сæ зæрдæ дардтонцæ, кæд ескæцæй Алихан æма Клавдийи хабар райгъусидæ, Игнат дæр тагъддæр исцæуидæ, зæгъгæ.

Адтæй фæсæхсæвæр, утæ фæззиндтæй Виктор. Æ цийнæ нæ уорæдта:

– Кæми айтæ, Сослæнбег, Маринæ? Алихан æгас æй! Финстæг си райстон.

Еугурæйдæр фæггæппитæ кодтонцæ, рамбурд æнцæ Викторбæл.

Алихан тугъди тæккæ райдайæни рандæй æфсадмæ. Ци æфсæддон хæйтти адтæй, етæ карз тугъдтити бацудæнцæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ. Знæгтæ адтæнцæ зингæ фулдæр. Æрхъола сæбæл æнцæ æма сæ куддæртимуддæрти уацари райстонцæ. Фиццаг сæ исмедæг кодтонцæ, уацайраг советон æфсæддонтæн Белостоки ци концлагерь адтæй, уордæмæ. Уацайрæгтæ стонгæй, аллихузи хуæцгæ незтæй, фашистти фудмиутæй мардæнцæ. Сæ тухæ æма син сæ нифс басæттун, хумæтæг æгомуг косæг фонс сæ искæнунбæл архайдтонцæ æма син хуæруйнаг нæ лæвардтонцæ.

Беретæ уæхæн уавæртæн нæ бухстæнцæ æма ледзунвæндæ искæниуонцæ. Алихан дæр цалдæр хатти бавзурста, фал æй нииййахæссиуонцæ. Баййафидæ фуднад. Алихани хæццæ еу концлагери адтæй Дзахойти Бексолтан. Уой имисуйнæгтæ бакæсæн ес, «Защищая свое Отечество», зæгъгæ, нæ зундгонд ахургонд Тедтойти Аслæнбеги финст киунуги. Æма си уотæ загъд ес: «Я предложил бежать и добраться к своим. Меня поддержали земляки Алихан Тотоев и Иван Мурадьян. Позднее к нам присоединился ростовчанин Тарас Чубаньян. Побег не удался. Нас выдал провокатор. После «обработки» мы не могли самостоятельно передвигаться. Теперь за нами был особый надзор…» Алихани цалдæр хатти мæрдти хæццæ дæр рагæлдзиуонцæ, фал бабæй æй уацайрæгтæ рахæссиуонцæ, нæ рамардæй, уой ку базониуонцæ, уæд.

Нæ уацайрæгти 1945 анзи апърели исуæгъдæ кодтонцæ Сурх Æфсади размæмпурсæг хæйтти æфсæддонтæ. Ке исуæгъдæ 'й, уой туххæй Алихан æвæстеуатæй фæххабар кодта Виктормæ. Виктор финстæг райста Клавдийæй дæр. Е дæр адтæй Германий.

Виктор рарвиста финстæг Алиханмæ, ниффинста имæ хеуонти туххæй цубурæй, уæдта никки Клавдийи æ лæги хæццæ немуц сæ хæццæ туххæйти ке фæттардтонцæ, æма ин кæд фадуат ес, уæд сæ цæмæй байагора.

Фал бабæй Тотойтæн сæ цийнæ берæ нæ рахаста. Нецибал игъустæй Игнатæй. Цалдæр мæйи си финстæг неке райста. Æнсури мæйи еу уазал бони ба постхæссæг бабæй Сослæнбегетæмæ сау хабари хæццæ фæззиндтæй.

Кенингсберги тугъдтити архайдта 69-аг æхсæг полк. Игнат дæр адтæй уоми, 1 апърели æртиндæс уæззау цæфи фæцæй. Фиццаг агъаз ин санитартæ бакодтонцæ, фал æ уавæр хуæрзтæй нæ адтæй æма 'й санитарон поездæй рарвистонцæ Пруссий сахар Инстенбургмæ. Уоми адтæй Жукови номбæл æфсæддон госпитæл. Цалдæр уæззау операций ин бæргæ искодтонцæ, фал 1945 анзи 27 июни 23-анздзуд цардбæллон лæхъуæнæн æ бон баталингæ 'й. Байвардтонцæ 'й еумæйаг æнсувæрон цирти Черняховски.

Тотойтæн еци уæззау хабар фегъосун кодтонцæ айдагъдæр æхсæз мæйей фæсте.

…Сослæнбег æхсæвæ æ цæститæ цъундæ дæр не 'ркодта. Сæумæраги исистадæй æма тургъæмæ рацудæй. Хæмпос мет зæнхæ уорс гъæццолæй æрæмбарзта. «Айфонмæ 'й Игнат расæрфтайдæ… Куд раги истагæ адтæй», – гъудитæ кодта лæг… Уæдта сабургай, æ къелай размæ ци дууæ дори адтæй, уонæн сæ меттæ ниссæрфта. Æнæнгъæлæги сæбæл æ цæстисугтæ 'ркалдæнцæ. Еуебæл си финст адтæй «Къостан. 1936», иннебæл ба – «Игнат. 1938». Къостан дорбæл ниффинста æ ном æма æ райгурци анз. Игнат дæр уой фæнзгæй, Къостани дори фарсмæ нирæсагъта дор æма ибæл ниффинста æхе ном æма анз. Айдагъдæр ма етæ байзадæнцæ æдзард бæгъатæр лæхъуæнти номбæл… Абони дæр уоми 'нцæ…

Царди исконд утæ 'й, æма æ медбунати нæ лæууй – еци цæуæги цæуй идарддæр æхе фæткитæ æма æгъдæуттæмæ гæсгæ. Тугъд фæцæй. Цийни цæстисугтæй дæр æма зæрдристи цæстисугтæй дæр емидзаг адтæй уæди цардиуагæ. Уæд уæлдай хъæбæрдæр рабæрæг æй, адæм кæрæдзей нифсæй ке цæрунцæ, кæрæдземæ гæсгæ сæ цард ке аразунцæ.

Тотойти бийнонтæн дæр сæ уæгæ нæ мардæй, сæ уавæртæмæ гæсгæ цидæр амæлттæ кодтонцæ. Виктор бабæй партий обкоми гъæууон хæдзаради хайади сæргълæууæгæй косун байдæдта. Дусфæлдæхтæй архайдта, берæ цидæртæ исаразун гъудæй, цæмæй колхозтæ æма совхозтæ сæ къæхтæбæл цардгъонæй ислæууонцæ, уобæл.

Æхсæвæ-бон нæ зонгæй куста Виктор. Кæци будур, кæци машинон-тракторон станцæ, кæци фермæ нæ бабæрæг кодта, уæхæн нæ адтæй. Еци зæрдиаг архайд уидтонцæ еугурæй дæр, æма республики уæди Сæйраг Совети иуонгтæ исфæндæ кодтонцæ Тотой-фурти Сæйраг Совети Президиуммæ равзарун. Æма 1947 анзи Виктор иссæй республики Сæйраг Совети Президиуми Сæрдар, æвзурст æрцудæй Уæрæсей Федераций Сæйраг Совети депутатæй. Совети фиццаг сессий æй æмгъæлæсæй иснисан кодтонцæ Уæрæсей Сæйраг Совети Президиуми Сæрдари фиццаг хуæдæййевæгæй. Фараст анзи фæккуста еци бæрнон бунати. Цал æма цал æнæхуссæг æхсæви рарвиста, фал уобæл æгириддæр некæд фæффæсмон кодта.

Æ фæлтæрддзийнадæ, кустуарзондзийнадæ, бухсундзийнадæ ин агъаз кодтонцæ алли рауæн дæр. Æма е 'нтæстити бæрæггæнæнтæ ба адтæнцæ, тугъди рæстæги ин ци хуæрзеугутæ исаккаг кодтонцæ, етæ: майдантæ «За оборону Кавказа», «За доблестный труд в Великой Отечественной войне 1941-1945 гг.». Сæ фарсмæ ба ма æ реубæл исæрттивтонцæ Ленини æма Фæллойнадон Сурх Турусай ордентæ. Уой фæсте дæр ма ин лæвæрд æрцудæй æндæр хуæрзеугутæ, фал ин етæ адтæнцæ уæлдай зæрдтагондæр.

Цæгат Иристони Сæйраг Совети Президиуми Сæрдари бунати бакосгæй, Виктор уой фæсте ба куста Цæгат Иристони наукон-æртасæн институти директорæй, гъæуууонхæдзарадон институти экономики кафедри сæргълæууæгæй. Адæм æй зудтонцæ ездон, рæстаг æма фæлмæнзæрдæ адæймагæй. Утæ æвдист цæуй, В.Лукьяненко ибæл 1984 анзи ци киунугæ ниффинста, уоми дæр.

Уæхæн адтæнцæ æ кæстæр æнсувæртæ дæр.

– Алихан уоййасæбæл дæсни арæхстæй адæми хæццæ косунмæ, æма дессаг, – имисуй æ уæди студенткæ Малити Азæ. – Ахургæнгути хæццæ дæр, студентти хæццæ дæр æхе дардта, цума сæ хæццæ æмсæр адтæй, утæ. Педучилищей уæхæн косæг нæ адтæй, æма ин зæрдиагæй аргъ ка нæ кодта, æфсæрми си ка нæ кодта.

Алихан ма педучилищей адтæй парторг дæр. Æ рæстæги зундгонд киунугæ «Первопроходцы научного познания исторических судеб народов Кавказа и Дона» ка ниффинста, е адтæй историон наукити доктор, профессор В.П. Крикунов. Æма е хуарз зудта Михали, хъæбæр бæрзонд аргъ ин кодта: «Фигура профессора Тотоева М.С. на протяжении 40 лет заметно выделялась, как гранитная скала среди других историков своей неутомимостью и трудолюбием, прочностью жизненной позиции, широтою замыслов и добротностью их исполнения…»

Михал 1955 анзи багъæуай кодта доктори диссертаци. Куста Цæгат Иристони педагогон институти, фæстæдæр ба Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети. Педагогон кусти æнтæстгин уни æмбæрцæ ма искурдиадæгинæй фескъуæлхтæй наукон исфæлдистади дæр, нæ национ науки ниууагъта бараæуадзæ цæмæдесаг фæд. Æ наукон архайд рауадæй хъæбæр тиллæггун.

Æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1979 анзи, нæ дзиллæн æ номæй рæсугъддзийнадæ æма цитгиндзийнадæ ниууадзгæй. Æ рæстæги ин æ номбæл сæрмагонд аудитори дæр искодтонцæ. Ка 'й зудта, етæ 'й абони дæр ахид æримисунцæ…

Сослæнбеги фурттæй кæстæр адтæй Тембол. Гъæууонхæдзарадон институти агрономон факультет каст фæууогæй, æрæздахтæй æ райгурæн Киристонгъæумæ. Куста си райони гъæууон хæдзаради управлений сæйраг агрономæй.

Кæстæр кизгуттæй еу, Заретæ исахур кодта бухгалтери дæснийадæбæл. Натæ ба каст фæцæй гидромелиораций техникум. Дууемæй дæр иссирдтонцæ сæ амонд.

…Ахид æрæмбурд уиуонцæ еумæ Тотойти бийнонтæ. Æма уæд уонæмæ бакæсунæй зæрдæхцæуæндæр ма ци адтæйдæ – кæрæдзебæл цийнитæ, кæрæдземæн æхцæуæн хабæрттæ, игъæлдзæг дзубандитæ. Утæ дæр уидæ, æма Натæ рафæрсидæ:

– Дессагæн, Виктор, Алихан, Михал æма Тембол сæхецæн куд иссирдтонцæ уоститæ уæхæн нæмтти хæццæ?

Сослæнбег æй цума нæ лæдæридæ, уоййау æй рафæрсидæ:

– Гъома, циуавæр нæмтти хæццæ?

– Куд циуавæр?.. Верæ, Надеждæ, Любовь æма Олимпиадæ.

Зæронд лæг баходидæ æма хийнæ каст бакæнгæй, зæгъидæ:

– Етæ еци нæмтти фарнæ агурдтонцæ, æма, цæмæ бæлдтæнцæ, уой иссирдтонцæ... Ке иссирдтонцæ, етæ ба сæ еци нæмтти аккаг разиндтæнцæ.

Еугурæй дæр нихходиуонцæ.

... Сослæнбег æма Маринæй сæ кæстæртæ хъæбæр боз адтæнцæ, етæ дæр сæрустур адтæнцæ сæ цæуæтæй. Хуæздæр ма ци фæууй, ци хуæздæрмæ ма бæлла адæймаг!.. Уомæ гæсгæ ба ма мæ радзубандий кæронбæттæни уой зæгъуйнаг дæн, æма ке уарзæн æма нæ зæрдæ хуарз кæмæн зæгъуй, етæ дæр фæццæрæнтæ аци бийнонти хузæн уарзонæй æма адæми æхсæн цитгинæй, хестæр си кæстæрæн фæнзуйнаг куд уа, кæстæр ба æ хестæртæн сæрустурдзийнадæ æма уодæнцойнæ хæссæг куд уа...

**ТМЕНАТИ Дзерассæ**

***КЪАДЗАТИ Станислав: «Æма ма уæхæн цæмæдесаг фæззелæн – алли кæстæр дæр айдæни хузæн æй мæ евгъудæн. Ци сувæллонмæ фæккæсун, цума уой кари фестун, уотæ зæрди иснæуæг унцæ кæддæри цийнитæ æма гъæзтитæ. Сæрдигон етæ: сорæнгæттæ, къори, берæгъ æма хъæзтæ, римæхсæнгæнттæй гъазт æма æндæртæ. Зуймон ба ехи сæрбæл – гъолтæ, хоккей, къахд***



Устур Фидибæстон тугъди будурти Кировигъæуи тугъдонтæй æ цард Райгурæн бæсти сæрбæлтау ка иснивонд кодта, уонæн циртдзæвæн.

# «ЦÆРÆМ ÆМÆ НÆ ЗÆРДЫЛ ДАРÆМ...»

**Аци анз нæ дзиллæн уæлдай цитгийнаг æй уомæй, æма нæ Уæлахезбæл æнхæст кæнуй цуппаринсæй анзи. Уой уомæ гæсгæ зæгъæн, æма Къадзати Станиславæн Устур Фидибæстон тугъди хабæрттæ, нæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау тохгæнæг хъазауатонтæ æма сæ намусгин фæллæнттæ уæлдай табуйаг адтæнцæ æма нерæнгæ дæр æнцæ. Уомæн ирд æвдесæн æй, куд поэт æма публицист, уотæ уой туххæй цæйбæрцæбæл берæ аллихузон уадзимистæ нифинста æма ма, нæ зæрдæ дарæн, нифинсдзæнæй. Æ финст æрмæгутæй ин кæцидæрти кастайайтæ нæ газети къуар хатти мухургондæй. Абони дæр си мухур кæнæн цалдæр æмдзæвги.**

**I**

Фыдæлтæй нын баззад
Лæгдзинады хорзæх –
Фæдисы бон разæй
Куы цыдысты тохы.
Хъæбатырты кадæг
Куы фыстой сæ тугæй
Нæ дзыллæ, нæ адæм
Сæрибары дугæн.

**II**

Зæрдæйæн у алцыдæр Ирыстон,
Цыртдзæвæнил уазал номхыгъд – даргъ.
Рухс нæмттæ нæ удты дæр ныффыстам,
Рох нæ нæу Уæлахизæн йæ аргъ.

**III**

Сирвæзти зындоны арт дæлдзæхæй,
Рагуылф кодта пиллонæй нæ зæххыл.

Цал хъысмæты ассæста зынг цалхæй!
Цас фестæм йæ дугæ фыдтæй къахыр!

Абухта зындоны арт зынг фурдæй,
Ахуыссыд нæртонты сыгъдæг тугæй.

Дарут-иу фæстагæттæ уæ зæрдыл, –
Чи радта уæ сæрвæлтау сæ сæртæ.

*09.05.13*

**IV**

Сыгъзæрин фæлтæр – табуйаг, нæртон,
Сыгъзæрин фæлтæр, о, фæлæ – фыдкъахыр.
Сæхицæн скодтой тох цæхæры ном,
Цæмæй кæса сæрибары хур махыл.

**V**

Нæ нæртон фыдæлтæм
Уыд иунæг тæраз –
«Тыхджындæр мæлæтæй
Фыдызæхмæ уарзт.
Ныббырста нæ бæстæм
Фашисттæн сæ бардз.
Нæ бæсты сæрвæлтау –
Фæстаджы зын балц.

Тæлæтæн нæ дæттæм
Нæ къонаты тавс.
Нæ хъæдтæ, нæ дæттыл
Нæ зæрдæтæ баст.
Нæ хæхтæ, нæ фæзтæ
Нæ удтæн – æвдадз.

Тыхджындæр мæлæтæй –
Фыдызæхмæ уарзт!»
Йæ хъæбулты фæрцы
Фыдызæхх æгас!
Тыхджындæр мæлæтæй –
Мысинæгты тавс.

**VI**

Цæрæм æмæ нæ зæрдыл дарæм,
Нæ зæххыл сау ызды куыд уарыд.
Нæртон фæлтæр уæд систой зарæг,
Цæразонтау цыдысты тохмæ,

Фæлæ дзы цал басыгъди, оххай!
Нæ рисæн ницæмæй и сбарæн.
Нæ удты уыдонæн – цыртдзæвæн
Йæ цъуппæй стъалытыл æндзæвы.

Цæрæм æмæ нæ зæрдыл дарæм,
Цæмæй нæ фæндаг размæ дарæм.

## БЕКМÆРЗТЫ ÆФСЫМÆРТЫ ЗАРÆГ

Иронæн лæгдзинад куы басгуыхт тырыса,
Нæ йæ 'мбулы ничи æхсарæй, æфсармæй.
Уæрæсейæн алкæд куы хаста Ирыстон
Афицер хъæбултæ йæ сыгъзæрин армы.

Къæбæлдзыг æврæгътæ йæ урс сæрæй худау
Сæнайы хох стæм хатт æрдхæрæнау сисы.
Ирон лæджы фарнæн, йæ диссаджы удæн
Бекмæрзты лæппутæ Къæмынтæй æвдисæн.

Уыд аив сæ фезмæлд, уыд аив сæ бакаст,
Сæ ахуыр, сæ куыст дæр фæзминаг кæддæрид.
Ныгуылæнæй сау хур нæ бæстæм æрбакаст,
Зæххы къори, оххай, быдзарæй нызмæлыд.

Фæдисы уад разæй – Созыр уа, Муради,
Балогкæ, Аслæмбег, Леуан та сæ кæстæр.
Æфсымæртæн фондзæй цы хъарутæ рарди,
Æгъатырæй сæфтой фыдгулæн йæ хъæстæ!

Сæ салдæтты сæргъы мæлæтдзаг тымыгъы
Лæууыдысты фидардæр, уой æмæ, тулдзæй!
Дис кодта ызнаг дæр сæ æхсар, сæ тыхыл,
Сæлфынæг сыл кодта кæрæдзийы тугзæй.

Ирыстоны фырттæй куы нæ ис уæлдайаг,
Йæ цæстытыл уайынц йæ зынгхуыст хъæбултæ.
Бекмæрзты 'фсымæртæ Уæлахизы майæн,
Куы радтой уæд фондзæй сæ нæрæмон удтæ.

Куы бадзуры Маря: «Чындзы номыл ничи
Мæ быны хæдзарæй нæ ахызт, мæ боныл!
Мæ фырттæн сæ фæстæ куы уыдаид исчи,
Къуылых чызг дæр, бецау! Куыд хъæцон зындоныл!»

Цæмæн зæгъыс афтæ, о мастæфхæрд Маря? –
Дæ фырттæн сæ хъæбул нæрæмон Уæлахиз,
Дæ фондз фырты хъæбул – цæхæрцæст Сæрибар,
Дæ фырттæн фæдонтæ – нæ фидæн, нæ уалдзæг!

*1995*

## ÆДЗАРД ХÆСТОНТÆ

Цы ма сæ баззад, цы?
Æппындæр ницы, ницы.
Æрмæст зынгхуыст бæллицтæ,
Уырaугæ рис æмæ цæссыгтæ,
Æгомыг, химæхъус цыртытæ.
Æрмæст мысинæгтæ, æрхæндæг къамтæ, –
Айдагъ уыдон сæ нæртон удты хъармæй.

Цы ма сæ баззад, цы?
Æппындæр ницы, ницы.
Æрмæст зынгхуыст бæллицтæ,
Æртæтигъон фыстæджытæ, æрттигътау,
Æнусты 'хсæнты фидæнмæ тæхдзысты,
Сæ рæнхъыты, тæркхъæвдайы цъæх мигътау,
Мылазон тар, æууæнчы рухс хæсдзысты.

Цы ма сæ баззад, цы?
Æрмæст æнусон арт,
Æрдхæрæн намыс æмæ цыт?
Цы ма сæ баззад, цы?
УÆЛАХИЗ ÆМÆ... ЦАРД!..

* * *

***Устур Фидибæстон тугъди архайæг, нæ номдзуд поэт Тетцойти Таймораз е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ фарста:***

***Ка загъта мин, æрмæстдæр тугъди Лæгдзийнади сæр гъæуй?..***

***Æма æ фарст раст адтæй. Æцæгæйдæр, лæгдзийнадæ гъæуй царди еугур афæнттæ æма уавæрти дæр. Гъæуй нæ Фидибæсти цардарæзти сæрбæлтау фарнæхæссæг гъуддæгутæй архайун, нæ адæми уодварни хæзнадзийнадæ цардгъон кæнунæн... Æма уой фæдбæл æнцæ Къадзати Станиславæн æ сагъæстæ, æ тухст æма æ хъазауат.***

* * *

## РÆСТДЗИНАДЫ ФАТЫЛ МЕ СТЫРДÆР БÆЛЛИЦ

**1**

Дунескæнæг!
Лæууын мæ зонгуытыл дæ разы,
Æз дæм мæхи тыххæй нæ кувын,
Æз дæ æнахуыр диссаг курын
Æмæ мын ахъазгæнæг разын, –
Уыдзынæн дæ мæрдты дæр разы.

О, Сфæлдисæг,
Кæд афтæ гæнæн ис, –
Дæ цæст мын бауарзæд хæрзиуæг –
Зæххыл цыдæриддæр ис низ,
Мæнил сæ бафтау ииуыл.

Куыд фестон се 'ппæтæн кæрддзæм
Æмæ сæ ахæссон мæрдтæм,
Зæххыл куыннæуал уа сæ хъæстæ,
Куыд цæрой сагсуртæй мæ фæстæ!..

**2**

Бæргæ, куы фæуид Зин-хæрам мæныл,
Æндæра сау æхсæрдзæнтæй кæлы.

Мæнил куы ахуыссид йæ фыдæх-хъæстæ,
Куы ма баззаид аргъæутты æрмæстдæр,
Куы фæуид марг-кæлæн мæныл, бæргæ,
Мæ фæстæ фестид цард нæртон, нæргæ!

**Номдзуд советон поэт Всеволод Александри фурт Рождественскийи райгурдбæл 10 апърели æнхæст кæнуй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1895-1977). Уидæ Цæгат Иристони дæр, уомæн æвдесæн е 'мдзæвгитæ «Цауæйнон Вассо», «Цъæй» æма æндæртæ.**

***зонæгътæбæл гурун... Сувæллон, дан, гъазгæй ирæзуй. Уæди гъæзтитæ агъаз адтæнцæ æнæнездзийнадæн, сувæллæнтти кодтонцæ сæрæн, федар. Нур ба сæ бæсти – планшет, телевизор, компьютер. Етæ сæ фур берæй пъæззуй хузæн æрахæссунцæ кæстæрти æма син есунцæ сæ бауæри æма уодти ирæзæнтæ дæр...»***

## ЦЫ У ИРОН ÆВЗАГ МÆНÆН?

Цы у ирон æвзаг мæнæн?
Мæ кувæндон, мæ цард,
Сæууон хуры тæмæн,
Мæ удлæууæн, мæ уарт.

Цы у ирон æвзаг мæнæн?
Мæ нысан æмæ фат,
Нæ ивгъуыдмæ дæгъæл,
Нæ фидæнмæ фæндаг.

Æнæ уый æз цы дæн?
Æнæ фæттæ æрдын,
Æнæ хъама кæрддзæм,
Æнæ хъистæ фæндыр.

Æнæ уый æз цы дæн?
Æнæ уый æз нæ дæн.

* * *

Æрттиваг хъæндилтæн –
Цы арфæ, цы кад!
Сæ номыл – цы гимнтæ!
Сæ тавсæн – цы арт!

Куыд дардыл фæйлауы
Сæ фыдæхы фурд!
Куыд хиты сæ науы
Ирыстоны уд!

30.12.17 аз

* * *

Рог цардæй куы уаид фарн,
Гъеуæддæр нæ хъæуид мæн.
Байрай, табуйаг æфсарм,
Кал æнусбонтæм тæмæн!

Кæн нæ кæстæрты бæрнон,
Артудæй куыд уой нæртон.

12.01.19 аз

* * *

Къæлæтджынил æрбадын
Нæ бауарзта мæ цæст –
Мæн бадынмæ нæ равдæлд,
Фæлдисын уыд мæ хæс.

* * *

Иронæн ирони
Æцæгæлон нæу –
Æдзухдæр йæ роны
Сырдон ис, быдзæу...

* * *

Куыд райа, куы, нæ уидаг?!
Куыд ræза, куы, нæ таг?!
Æддагон нын – рæбинаг,
Нæхион та – дæрддаг.

* * *

Оххай-гъе, хæйрæджытæ кæнынц æййи,
Стырдæр диссаг дунейы нæ зонын –
Уæйгуытæ зынæй цы цард сарæзтой, уый
Дзиглотæ куыд фехæлдтой æнцонæй?!.

* * *

Æз нæма 'мбарын ныр дæр,
Ацы дуг куыд у бæллиццаг:
Иутæм фагæй – мин хатты фылдæр,
Иннæтæм та – мур дæр ницы.

* * *

Нæ рæстæг ивылд донау абухы,
Нæ зыны йе 'цæг цæсгом гамхудæй:
Фæлитойты зæлдæгты атухы,
Сыгъдæгæн та йæ лæвар – сау тухи.

* * *

Уæууау! Мæ маст фыцгæйæ дæр нæ сысы –
Ирыстоны ирон ныхас нæ хъуысы.
Кæм ыстут, кæ, ирон адæм, цы фестут?!.
Æви уæ агурон йæ цъуппыл Эверестæн?!.

* * *

Ирон æвзагæн чи кæны лæггад,
Мæ риуыл уыдонæн – фæндаг
Уæлæуыл дæр, мæрдты дæр.
Сæ амонд уæд æртывæр!

* * *

Фæныхы махæй алчидæр йæ сæр,
Кæд дзы æппындæр ницы ис, уæддæр.

* * *

Сыгъдæгдæр уац нæм суадон
Куы схæссы зæххы тарфæй.
Мæ дойны та дзы суадзон,
Мæ уд æнкъарын арвау.

Йæ рухс æмæ йæ хъазтæй
Уый зæххы бæллиц дзуры.
Йæ ихдоны цы тавс и –
Мæ зæрдæ дзы уæлхурон!

2008.30.07

## ЭРИКÆН

*Уæ фарн – фынæй.*

Дæ гакк куы сæвæрыс мæ риуыл,
Мæн вæййынц дун-дунетæ иууыл.
Дæ мидвыны куы фæзæгъыс мæ ном,
Уæд фесты арвы дуар парахат гом.

* * *

Нæ Иры нæртон удæн
Æвидигæ зынджытау –
Цæргæсбазыр лæппутæ,
Зæрватыкдзых чызджытæ.

* * *

Кæркуасæнтæ куыд бирæ уарзын æз!
Цыма мæ рагбонты зæрин хъæлæс.
Сæ ивæзгæ, фæйлаугæ зæлтæй
Ныххойынц ног боны къæсæртæ.

Кæркуасæнтæ цæмæн вæййынц æртæ?
Куыд айтынг уа мысинæгты хæрдгæ.

Кæркуасæнтæ куыд бирæ уарзын æз! –
Цыма нæ бонæн уыдон раттынц рæз,
Цыма та ногæй райгуырынц
Æхсар æмæ Æхсæртæг
Æмæ та семæ – ныфс, æууæнк,
Кæй нæ у ацы дуне мæнг.

05.03.18 аз

* * *

Æхсæнвæндаг – уæрæхдæр,
Зындæр, фæлæ рæсугъддæр.
Нæ фидауы нæ зæххæн,
Йæ фаг нæ кæнынц удтæ.

Ам алчидæр – йæхицæн,
Сайтаны фæндæй – хицæн.
Къостайы равг, цы фæдæ?!
Ныйирд нын кæ нæ фæндаг!

* * *

Кæмттæн у сæ арфдæр
Агуывзæйы ком –
Айсафы йæ тарфы
Адæймаджы ном.

## РАСТ РÆДЫД

*Прощай вино – в начале мая,*
*А в октябре – прощай любовь!*
***Беранже***

Ныр та бæгънæг къалиутæм кæс,
Дæ сагъæс арвгæрæттæм хæсс,

Мылаз, æргъæвст бонтæ нымай,
Цыма æнусы фæстæ – май!..

Мæнæн бынтон æндæр мæ уарзт,
Сæны нæ дæлдон кæны маст.

Мæ зæрдæ сидзæрау куы риты,
Йæ хæкъуырцц цавдæй SOS æрвиты...

Ныр та бæгънæг къалиутæм кæс,
Æрхæндæг хорз зоны йæ хæс -

Сызгъæрин цинтæн дзуры рухсаг,
Мæ фынтыл дæр куы зилы къусбар...

Ныр та бæгънæг къалиутæм кæс,
Куы фестад сæрды галуан къæс,

Ныр мæргъты ахстæттæ – æдзард,
Фæхастой дард бæстæм сæ зард,

Цыма мын семæ ахастой мæ уд дæр,
Цы мын уыд адджындæр, рæсугъддæр…

Цæуыл ма аулæфа цæст?
Нæ арвы – халæттæ æрмæст.

Тæхуды, хъарм бæстæм фæтæх!
Фæлæ куыд ныууадзон мæ зæхх?..

2003.27.10, 2016.07.10

## ФЫЦЦÆГТÆ

*Æцæг курдиат лæгæрды*
*Кæддæриддæр æвæды.*

Æвæды чи гæрста фæндаг,
Йæ удæй чи ссыгъта сæуæхсид,
Йæ тугæй чи фыста нæргæ сидт,
Нæ дзырдтæй чи скодта æвзаг?

Къоста, Темырболат, Блашка,
Секъа, Елбыздыхъо, Гиуæрги.
Бæрзонд нæ систой Иры цъассæй,
Нæ фидæн бануæрстой сæ уарзты,
Лæууынц ныр дæр нæ зиуы сæргъы.

Цыдысты рухсгæнгæ æвæды,
Ныр дæр сæ фарнæй у нæ фæндаг.

2014

* * *

Нæхи æцæг уарзтæй нæ уарзæм,
Мæнг цинтæ бадомдтой нæ тых,
Кæйдæр дугъты нæ бæхтæ уадзæм,
Нæ артæй ма – æрмæст æртдзых.

Нæхи Хуыцауы бар нæ уадзæм,
Æмæ нын хæйрæг сси æлдар,
Нæ артдзæстыл цъæх арахъхъ уадзæм,
Куыннæ кæной нæ сæртæ сар!

Нæхи æцæг уарзтæй нæ уарзæм,
Нæдæр нын – мард, нæдæр нын – дзуар.
Фыдæхæй уарзты суадон цуазæм,
Уæд ма нын ноггæнæн цы уа?!

2015.30.10

* * *

Мæнæн ис иу цæсгом æрмæст –
Дыдзæсгом дæр, æдзæсгом дæр нæ дæн,
Æрттива цалынмæ мæ цæст,
Мæ сыгъдæг номæн калдзæни тæмæн.

Æрмæстдæр иунæг-иу æвзаг мæнæн –
Дывзагон дæр, æнæвзаг дæр нæ дæн,
Æрттива цалынмæ мæ цæст, –
Рæстдзинад дзурдзынæн æрмæст.

2016.24.02

* * *

*За дверью голос дребезжит,*
*Ключей тяжелых громыханье, –*
*Там раб с винтовкой сторожит*
*Мое свободное дыханье...*
***В. Коровин-Пиотровский***

Мæ фырт, мæ урс базыр, мæ уидаг,
Фыдгулты фæндиаг ма фæкæн дæхи!
Дæ уд, дæ улæфт дæр – сæрибар,
Нæ рæстдзинад та ног амондмæ – хид.

Хуыцауы раз сыгъдæг дæ, раст дæ –
Кæнæд дын уыцы фарн дæ тых дывæр!
Кæрон æрцæуудзæни фыдмастæн,
Нæ фынтæ иу зиуы уæддæр!..

Мæ уды базыртæ дæ сæрмæ
Дæ бонтæ хъахъхъæнынц, дæ равг.
Цагъарты ма бафæзм, мæ цæргæс,
Йæ хъан дæ рахуыдта цъæх арв.

2012

* * *

Цы пъæззы у, цы зивæг?!
Цы мæрдвынæй, цы сар?!
Нæ уды бæркад ссивы,
Æфтауы йыл былар.

Æгъуыз-дыгъуызон рæстæг,
Æвыд-дывыдон дуг.
О цал хуызон – йæ цæсгом!
О цал хуызон – йæ туг!

Цы равзæрстам хуыздæрæн?
Мæнг ныхæсты хуыдым.
Цы ма нæм ис хуызæнæн?!
Цы ма нæм ис нывыл?!

2014.14.12

## ЦÆРГÆСТЫ ÆМБИСОНД

Æвзæрстой цæргæстæ сæхицæн,
Бæллиццаг ног фæтæг æвзæрстой –
Йæ цардæй ахицæн сæ хистæр
Æмæ кæрæдзийы æвдæрзтой,
Тыдтой йæ бынатыл кæрæдзи,
Фæлæ сæ иуы дæр нæ фæци,

Æгæр ныддæргъвæтин сæ хъаугъа
Хъысмæт сæ хъуахъдзыхæй фæуагъта –
Сæ дзырд кæрæдзиуыл нæ бадти,
Сæ сæргъы урс халон æрбадти.

Фæлæ халон халон у уæддæр,
У цæргæстæй алцæмæй дæлдæр.

2015

* * *

Нæ тæрхоны лæгты æз хонын æлгъаг,
Нæ тæрхоны лæгтæ сты хинæй хæлмаг.

Сæ зæрдæ нæ кæны хæрамæй æлгъæд.
Сырдонау нæ зыны æппындæр сæ фæд.

Нæ тæрхоны лæгтæ – уæййагæй – æлхæд.
Сæ маргæй у афтæ æрвон дуар æхгæд.

Уæд та дзы сæдæйæ куы разынид иу,
Лæгдзинад, æфсармæн кæй уды ис зиу.

2013.11.08

## АЛДЫМБЫД

*Иу адæймаг иннæмæн у Хуыцау*
***Рагон ирон æмбисонд***

**1**

Оххай-гъе, цы фарн æркодтам нæймæ!
Иу адæймаг иннæмæн ныр – хæйрæг.

**2**

Сæрибары бæсты –
Уæгъдибары низ,
Куы кæны нæ бæстæ
Кæфхъуындарау цъист.

Æфсарм дæр, æгъдау дæр
Сты хъодыгонд ам.
Уæд ма ныл Хуыцау дæр
Куыд дара йæ арм?!

Сайтанæн фæсайды
Æлгъыстаг æнус –
Нæ царды уæлдайаг
Рæстдзинады рухс.

Æхцайы мæнг хурæй
Ныр адæймаг – буц.
Нæ зæрдæтæй сурæм
Рæстдзинады рухс.

**3**

Охх, хæйрæдджын рæстæг,
Нал ын ис сæрфат –
Цас нæм ис хъæдсæртæ!
Цард кæнынц хъæддаг.

**4**

*Есть роковая пустота.*
***А. Блок***

Дымды нæ куы кæны уыцы Афтид,
Цал уды дзы дзагæй рафтыд!
Уыцы Афтид арфдæр у цъæх арвæй,
У цъымарайæ зыддæр, мæнгарддæр.

Уыцы Афтид – рохуатæй фыддæр,
Уый кæны лæджы сырдæй сырддæр.

**5**

*Идет натиск на Язык – как средство мышления, серьеза, мысли. И с тем вместе – на писание, литературу, чтение.*
***Георгий Гачев***

* * *

Æрдæгирæттæ сафынмæ – дæсныдæр,
Нæ адæмæн у се знаггад – дæсдывæр.
Куыд бирæ у æрдæгирæтты бон –
Куы кæнынц не 'взаг, не 'гъдæуттæн кæрон.

Æрдæгирæтты рæстæг –
Бæз-бæз кæны сæ хъæстæ,
Цæуынц сæ уды рæзты.

* * *

Кæйдæр куыройыл уадзæм мах нæ дон,
Кæйдæр уæрдоны гъæйттæй зарæм.
Нæхионтæ та, ехх, мæгуыр сæ бон,
Сæ хъинц-тæригъæдæй куы марынц…

**Номдзуд советон финсæг, ССР Цæдеси Паддзахадон премий лауреат Юрий Павели фурт Гермæни райгурдбæл 4 апърели исæнхæст æй финддæс æма фондзинсæй анзи (1910-1967). Зундгонд æнцæ æ тугъдон уадзимистæ.**

• У женщин нету недостатков. А вот особенности – есть!

☺ ☺ ☺

• Как будет плохо – обращайтесь. Я позлорадствовать люблю.

☺ ☺ ☺

• Давно утерян ключ к ума палате.

☺ ☺ ☺

• Ну вот же в паспорте есть фото – я тут шестой в восьмом ряду.

**АДÆЙМАГ Æ РÆДУД ÆХУÆДÆГ КУ ЗОНИДÆ, УÆД РÆДУЙГÆ ДÆР НÆ КÆНИДÆ!..**



# СÆРБОНЗОНГÆ АДÆЙМАГ ДÆ ÆВИ НÆ ?

Адæймæгутæ сæ уодигъæдæй дæр æма зундирахастæй дæр фæйнæхузон ке 'нцæ, уой ни ка нæ зонуй. Еуетæ уарзунцæ æнæхъордард цард. Ести гъуддагмæ бавналуни развæлгъау бал лæмбунæг расагъæс кæнунцæ цалдæр хатти. Иннетæ ба царди нæдтæбæл хæрдти тæхунцæ, нецæбæл сагъæс кæнгæй. Сæ гъуддаг ку фæггуз уа, уомæй дæр нæ тæрсунцæ.

Æма ду ба си, дæхемæ гæсгæ, кæцитæмæ хауис? Уой исбæлвурд кæнун дæ кæд фæндуй, уæд дин уой базонунæн ба, махмæ гæсгæ, еуцæйбæрцæдæр фæййагъаз уодзæнæй, мæнæ абони ци хуæрзхумæтæг фарстатæ мухур кæнæн, уонæбæл цæйбæрцæбæл æргомзæрдæй дзуæппитæ раттай, е.

**1.** Минкъий нецæййаг гъуддагбæл дæр хъæбæр исмæстгун уис?

**2.** Хъаурæй дæхецæй тухгиндæр ка 'й, уой исмæстгун кæнунæй тæрсис?

**3.** Цæмæй дæмæ сæ цæстæ 'рдаронцæ, уой туххæй ахид исаразис загъдзамана?

**4.** Хуæдтолгæ тагъд æскъæрун уарзис, дæ цардæн тæссаг ку уа, уотемæй дæр?

**5.** Сæйгæ уогæй хуастæ хубедзæстæй фæнниуазис?

**6.** Дæ зæрди фæндон исæнхæст кæнуни туххæй цийфæнди цæлхдорти сæрти дæр рахездзæнæ?

**7.** Устур куйтæ уарзис?

**8.** Хорбадæн кæнун берæ уарзис?

**9.** Ескæд зундгонд адæймаг ке исуодзæнæ, уобæл дæ зæрдæ дарис?

**10.** Дæхе бауорамун дæ бон æй, дæ гъуддагæй ке неци уайуй, уой балæдæргæй?

**11.** Æстонг ку нæ уай, уæддæр берæ хуæрун ахур дæ?

**12.** Бæрæгбонмæ дин ци балæвар кæндзæнæнцæ, уой зонун дæ фæффæндуй рагацау?

**ХАТДЗÆГТÆ**

Дæхецæн еугай очкотæ банимайæ, 2-аг æма 10-аг фарстатæн аразий дзуæппитæ ку раттай, уæд.

Кæд æма (1,3,4,5,6,7,8,9,11,12) фарстатæбæл арази нæ дæ, уæдта дæхецæн исаккаг кæнæ еугай очкотæ.

Нур ба, ци очкотæ бамбурд кодтай, уони банимайæ æма уони бæрцæмæ гæсгæ искæнæ хатдзæгтæ.

**Аст очкоемæй** фулдæр кæд æрæмбурд кодтай, уæд е уой æвдесæн æй, æма æцæг курухон адæймаг дæ. Сæрбонзонгæ дæ, дæ цигъæуаги домæнтæ уотæ берæ нæ 'нцæ. Фæсмойнаг нецæмæй дæ. Айдагъдæр рауон-циуондæр уо. Е дин агъаз кæндзæнæй дæ царди бæнттæ зæрдæмæдзæугæдæрæй æрветуни гъуддаги.

**Цуппар-аст очкой.** Ес дæмæ хебæлхуæцундзийнадæ, дæ равгитæ хуарз зонис æма нæ тундзис уæлæрвти маргъ ниййахæссунмæ. Ес дæмæ еуминкъий сæлхæр миутæ ракæнунмæ менеуæг, фал дæ е дæ царди уоййасæбæл неци хъор дарун!

**Цуппар очкоемæй** минкъийдæр кæд æрæмбурд кодтай, уæд е уой æвдесуй, æма нецæбæл мæтæ кæнис. Цийфæнди берæ дæр дæмæ минкъий кæсуй, нæ дин фагæ кæнуй. Дæхе ахид нимайис æнамондбæл. Дæхе исахур кæнæ царди листæг миутæбæл дæр цийнæ кæнунбæл. Е дин фæййагъаз уодзæнæй дæ цард хуæздæрæрдæмæ раййевунæн.

**ЦАРДИ НИВÆ ДИН ХУЦАУ КУ НÆ РАТТА, УÆД ÆЙ ТУХÆЙ БА НÆ БАЙСДЗÆНÆ!**

# ИРИСХЪИ ИГАКÆЙ ФÆТТИЛЛЕФГÆНÆН НÆЙЙЕС!..

***Нæ зæрдæ дарæн, æма мæнæ уæлдæр мухургонд æрфарстбæл дзуæппитæ равардтайтæ æма уæ уодигъæдæ еуцæйбæрцæдæр хуæздæр базудтайтæ. Æруагæс ни кæнуй е дæр, æма уин уомæн фæййагъаз уодзæнæнцæ, мæнæ аци цубур таурæхътæ дæр.***

## ДЗÆГЪÆЛЦЪУХТИ ТАУРÆХЪ

Еу лæг денгизи билæбæл рауидта, рæстæг ке ниббор кодта, уæхæн сæрикъудур. Арф ниууолæфтæй æма, æхенимæр дзорæгау, уотæ бакодта:

– Дæу ба ардæмæ ци 'рбахаста, цума?

Сæрикъудур дин æвеппайди ку исдзоридæ:

– Мæ дзæгъæлцъух.

Лæгæн æ фурдесæй æ гъæлæс хæлеуæй райзадæй. Кæд фæууиндæй, æма сæрикъудуртæ дзоргæ кæнонцæ! Лæг сахари сæйраг фæзæмæ догъи фендæй. Фæзи астæу æрлæудтæй æма нигъгъæр кодта:

– Дзоргæ сæрикъудур фæууинун ке фæндуй, е мин фондз суари бафедæд!

Адæм æрæмбурд æнцæ. Беретæ ин федгæ дæр бакодтонцæ.

Лæг сæ денгизи билæмæ фæххудта, сæрикъудурмæ сæ бакодта æма бабæй имæ дзоруй:



– Ардæмæ дæ ци 'рбахаста?

Сæрикъудур æхецæн хормæ хуссуй æма неци дзоруй.

Адæм загътонцæ, аци лæг ни гириз кæнуй, зæгъгæ, æма 'й паддзахмæ фæххудтонцæ. Паддзах ин уотæ:

– Кæд сæрикъудур æцæгæй дæр дзоргæ кæнуй, уæд нин æй равдесæ, кенæдта дин дæ сæр ракъуæрдзинан.

Рацудæнцæ бабæй денгизи билæмæ. Сæрикъудур сабур лæууй. Лæг ин берæ фæллигъстæ кодта, фал уомæй еу хъипсун дæр не 'схаудтæй. Уæд лæгæн æ сæр ракъуæрдтонцæ, æма сæр комкоммæ сæрикъудури размæ базилдæй. Адæм еугурæй дæр ку рандæнцæ, уæд сæрикъудур фæрсуй:

– Ардæмæ дæ ци 'рбахаста?

– Мæ дзæгъæлцъух, – дзуапп ин равардта сæр.

## АМОНД Æ ГЪÆУАЙГÆНÆГ ЛÆГЪУЗÆН

Æртæ 'нсувæри куройнæ аразтонцæ. Сæ еу нукбæл фудæбон кодта, иннæ духъæй фидтæ хуаста, æртиккаг ба цæугæдони билгæрон зменсæбæл къуæцæлæй гъулæнттæ кодта, еудзурдæй, магосайæй æ цард æрвиста.

Еци рæстæг сæ сæрти изæдтæ æрбатахтæнцæ. Сæ хуарз зæрдирахасти адтæнцæ æма сæ бафæндатæй еци æнсувæртæй еуемæн хуарз ракæнун. Кæсунцæ сæмæ сæрæй бунмæ æма тæрхæнттæ кæнунцæ, сæ хуарзæнхæй ке фæххайгин кæнонцæ, уобæл. Куройни нук æма фидтæ ка аразта, еци æнсувæртæ кæд фæллад адтæнцæ, кæд сæ хед сæ тæрнихæй калдæй, уæддæр уæхæн разæнгардæй кустонцæ, æма се 'вналдæй зæрдæ рохс кодта. Магоса ба уæнгмард æма иуонтæхъелæй бадтæй дорбæл æма æхе ци фæккодтайдæ, уой нæ зудта.

– Айæ нæ хуарзæнхæй ку нæ фæххайгин уа, уæд фесæфдзæнæй, – загъта изæдтæй еу. – Иннетæ æнæ мах агъазæй дæр фæццæрдзæнæнцæ.

Æ гъудибæл исарази 'нцæ иннетæ дæр. Сæ хуарзæнхæ æркалдтонцæ магоса æнсувæрбæл æма идарддæр фæттахтæнцæ.

**РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..**



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1. Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд не 'мбæстон зундгонд аййевадон архайгутæй америкаг сахар Нью-Йорки хуæрзауодæн концерт ка исаразта, æма, ци æхцай фæрæзнитæ си æрæмбурд æй, уони ба æрбарвиста Советон Цæдесмæ?**

а) Сергей Рахманинов. б) Игорь Стравинский. в) Николай Метнер.

**2. Номдзуд зартæгæнæг Федор Шаляпин Уæрæсей сахарти кæцими æхе æхцай фæрæзнитæй исаразта киунугæдонæ æма 'й еудадзуг ефтонг кодта киунугутæй æма мухури фæрæзнитæй?**

а) Казань. б) Курск. в) Кострома.

**3. Исуйнаг номдзуд ахургонд Константин Циолковский цуппæрдæсанздзудæй æхе чертежтæмæ гæсгæ ци исаразта?**

а) Хуæдтолгæ. б) Зурнæ. в) Дирижабль.

**4. Советон Цæдеси хъæбæр цитгин адтæй Ленинон фæскомцæдеси премি. Лæвæрд цудæй адæмон хæдзаради еугур къабæзти, литератури æма аййевади, науки зингæдæр æнтæстдзийнæдтæ ка бавдиста, уонæн. Æма æ фиццаг лауреат ба ка иссæй?**

а) Николай Островский. б) Алексей Стаханов. в) Оскар Фельцман.

**5. Арткалæг хуæнхтæй кæцимæ номдзуд уруссаг бæлццон исхизтæй æвддæс хатти æма еухатт ба уингæ дæр фæккодта, арт си куд искалдæй, уой?**

а) Этна. б) Стромболи. в) Везувий.

**6. Максим Горькийи роман «Клим Самгини цард»-и архайæг Макарови загъдмæ гæсгæ, адæймаги культури бæрзонддзийнадæ бæрæг кæнуй уомæй, е ци цæстæ даруй... Кæмæ?**

а) Силгоймагмæ. б) Сабиймæ. в) Нæлгоймагмæ.

**7. Нуртæккæ игъустгонд зар «Уæлахези Бон» фиццагидæр райгъустæй 1975 анзи 9 майи телеравдист «Æрвхуз рохс»-и рæстæг. Заргæ ба 'й ка ракодта?**

а) Лев Лещенко. б) Эдуард Хиль. в) Леонид Сметанников.

**8. Номдзуд советон финсгутæй скъолай лæгъузæй-лæгъуздæр ка ахур кодта æма дууæ хатти байзадæй еци-еу къласи?**

а) Михаил Булгаков. б) Михаил Зощенко. в) Михаил Пришвин.

* * *

**Нур ба раст дзуæппитæ нæ газети 10-аг номери мухургонд фарстатæбæл.**

1. Египеттаг циртдзæвæнгонд. 2. Аббат Фариа. 3. Аметист. 4. Геракл. 5. Хуæруйнæгти æрфæлсодзæн. 6. Англисаг къарол-силгоймаг. 7. Айкæ.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 650. Заказ № 723.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 04.04.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 04.04.2025.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арazийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.